



DEPATMAN PWOTEKSYON KONSOMATÈ
AK TRAVAYÈ (DEPARTMENT OF
CONSUMER AND WORKER
PROTECTION, DCWP) SANT LISANS
42 Broadway, Lobby
New York, NY 10004

Sou Randevou Sèlman Èdtan
Fonksyonman:

Lendi-Jedi: 8 a.m. – 4 p.m.
Dènye randevou: 3: 30 p.m.

SANT SIPO TI BIZNIS NYC
90-27 Sutphin Blvd, 4yèm Etaj
Jamaica, NY 11435

Sou Randevou Sèlman Èdtan
Fonksyonman:

Lendi-Jedi: 8 a.m. – 4 p.m.
Dènye randevou: 3: 30 p.m.

SÈVIS AN PÈSÒN SOU RENDEVOU SÈLMAN

Ou dwe pwograme yon randevou pou w soumèt aplikasyon lisans ou a an pèsòn nan Sant Lisans DCWP (DCWP Licensing Center) a ak Sant Sipò Ti Biznis NYC (NYC Small Business Support Center). Gade nan seksyon **Pwosesis pou Depoze Aplikasyon** an.

Remak: Paske sèvis an pèsòn lan limite, nou ankouraje ou pou ou itilize sèvis anliy nou an ki disponib 24/24 7/7 nan nyc.gov/BusinessToolbox.

Antreprenè Modènizasyon Kay Lis Verifikasyon Aplikasyon pou Lisans

Kilès ki dwe gen yon Lisans Antreprenè Modènizasyon Kay?

Yon moun oswa yon konpayi dwe gen yon Lisans Antreprenè Modènizasyon Kay pou li ka fè konstriksyon, reparasyon, reyamenajman oswa lòt amelyorasyon nan kay pou nenpòt teren rezidansyèl oswa batiman nan Vil New York. Lòt travo modènizasyon kay gen ladan yo, men pa limite ak, konstriksyon, ranplasman oswa amenajman sousòl, pakin, kloti, garaj, amenajman peyizaj, lakou, baryè, twotwa, pisin, teras ak lòt amenajman pou estrikti oswa teren ki toupre yon kay oswa yon apatman rezidansyèl.

Deskripsyon sila a se yon eksplikasyon jeneral kiyès ki dwe gen yon Lisans Antreprenè Modènizasyon Kay.

Yon Lis Rapid Egzijans pou Aplike pou yon Lisans Antreprenè Modènizasyon Kay
Ale nan seksyon Kondisyon (Egzijans) yo pou ou jwenn eksplikasyon ak plis detay. Fè si ou respekte tout kondisyon (egzijans) yo; sinon, aplikasyon w lan p ap konplè. DCWP ka aksepte sèlman aplikasyon ki konplè yo sèlman pou li ka bay lisans.

- Aplikasyon Debaz pou Lisans
- Nimewo Idantifikasyon Pou Taks sou Lavant OSWA Nimewo Konfimasyon Aplikasyon
- Prèv Adrès Biznis
- Prèv Adrès Lakay ou
- Enfòmasyon sou Asirans Aksidan nan Travay
- Prèv sètifikasyon Ajans Pwoteksyon Anviwonman nan Etazini (Environmental Protection Agency, EPA) ki gen rapò ak pratik san danje plon EPI/OSWA yon Konfimasyon Ki Siyen

Kontinye >

- Enskripsyon nan Fon Garanti DCWP an (frè \$200) OSWA yon kopi Rekouvreman Labank \$20,000. (oswa Garanti yon Lòt Moun), siyen jan sa dwe fèt la.
- Kontra Konfòmite Kontraktyèl
- Analiz Modènizasyon Kay ak Frè Analiz ki se \$50
- Anprent ak Frè pou trete Aplikasyon an
- Otorite pou Aji - Atestasyon (*si sa aplikab*)
- Frè pou Lisans

Lè w ap soumèt aplikasyon w lan, sa pa vle di lisans ou an apwouve otomatik..

Lòt Pèmi/Lisans/Otorizasyon Ou ta Kapab bezwen nan Vil lan oswa Eta a

Travay sou twotwa yo egzije w pou w gen yon pèmi Depatman Transpò New York City (Department of Transportation, DOT) ap ba ou. Rele 311 oswa ale sou www.nyc.gov/dot.

Anpil amenajman nan kay egzije w pou w gen yon pèmi Depatman pou Batiman yo nan Vil New York (DOB) ap ba ou. Travay ki mande pou leve, monte oswa deplase yon kay oswa yon batiman egzije pou yon enspeksyon DOB fèt. Rele 311 oswa ale sou www.nyc.gov/buildings.

Si ou planifye pote oswa transpòte fatra ki sòti nan fonksyonman konpayi ou an, ou dwe jwenn yon Enskripsyon Pou Transpò Premye Kategori nan men Komisyon Kontwòl Antrepriz yo nan New York City (Class One Self Hauler Registration in New York City Business Integrity Commission). Pou fè yon aplikasyon oswa jwenn plis enfòmasyon, rele 311 oswa ale sou www.nyc.gov/bic.

Se pa vle di se yon lis konplè sa ye. Gade nan Seksyon Resous Adisyonèl yo.

Pwosesis pou Depoze Aplikasyon



Ale sou www.nyc.gov/BusinessToolbox pou soumèt aplikasyon w lan anliy.

OSWA



Pwograme yon randevou pou ranpli li an pèsòn nan Sant Lisans DCWP an oswa nan Sant Sipò Ti Biznis NYC (adrès yo nan paj 1 an).

Atravè Imèl: LicensingAppointments@dcwp.nyc.gov

Atravè Telefòn*: Rele nan (212) 436-0441. (Lendi pou Vandredi, 8è a.m. rive 4è p.m.)

*Nimewo sa a se pou pran yon randevou pou sèvis an pèsòn sèlman. Pou tout kalite kesyon, ekri nan imèl sa onlineappsdocs@dcwp.nyc.gov.

Sèvis Entèpretasyon Gratis Anliy yo disponib sou plas. Pou fè yon demann aranjman ki gen pou wè ak andikap tanpri ekri yon imèl bay Kowòdinatè Lwa pou Ameriken ki Andikape yo (Americans with Disabilities Act, ADA) pou DCWP nan DCWPADACoordinator@dcwp.nyc.gov oswa vizite nyc.gov/dcwp epi chèche "accommodations" (aranjman).

Mesaj Enpòtan sou Sètifika Biznis

Ou dwe gen yon Sètifika Biznis ki aplikab ki baze sou estrikti jiridik biznis ou an. Menm si DCWP pa egzije w soumèt yon Sètifika Biznis nan objektif pou kontinye pwosesis aplikasyon w lan, DCWP ka mande w dokiman sila a dapre Seksyon 20-104 nan Règleman Administratif Vil New York la.

Pwopriyetè endepandan ki ap fonksyone ak yon non ki diferan ak pa w la dwe gen yon Sètifika Biznis/Non Komèsyal.

Patenarya yo dwe gen yon Sètifika Patenarya epi, si sa aplikab, yon Sètifika Non Komèsyal pou biznis ou an.

Sosyete yo, Sosyete Non Kolektif yo, Konpayi Ak Responsabilite Limite yo, oswa Patenarya Ak Responsabilite Limite yo dwe anrejistre epi rete aktif nan Depatman Antrepriz Eta New York (New York State Division of Corporations). Ou kapab tcheke estati w nan www.dos.ny.gov/corps.

Kondisyon (Egzijans)

DCWP p ap aksepte aplikasyon w lan si ou pa remèt dokiman ak enfòmasyon yo mande yo:

- **Aplikasyon Debaz pou Lisans** (li vini ak dokiman sa a).
- **Nimewo Idantifikasyon Pou Taks sou Lavant OSWA Nimewo Konfimasyon Aplikasyon.**
Pou ou ka aplike pou yon Sètifika Otorizasyon nan objektif pou jwenn Taks sou Lavant yo, ale sou www.businessexpress.ny.gov.
- **Prèk Adrès Biznis.**
Remèt yon kopi YOUN nan dokiman ki pi ba yo nan non biznis la oswa yon moun non li nan aplikasyon pou lisans lan:
 - Bòdwo, ki te fèt nan dènye 90 jou ki sot pase yo (egzanp telefòn, gaz, kouran, kab entènèt, oswa dlo) OSWA
 - Lokasyon oswa ak pwopriyete OSWA
 - Papyè lwaye oswa ipotèk ajou OSWA
 - Dokiman asirans oswa bòdwo asirans ki montre adrès biznis ou OSWA
 - Korespondans soti nan men nenpòt ajans gouvènman ki montre adrès biznis ou OSWA
 - Lisans oswa pèmi ki valid oswa yon sètifika yon ajans gouvènman a nan vil/eta/federal ki montre adrès biznis ou

- **Prèv Adrès Lakay ou.**

Chak moun non yo parèt nan aplikasyon pou lisans lan dwe bay yon kopi YOUN nan dokiman ki pi ba yo ak non chak moun:

- Bòdwo, ki te fèt nan dènye 90 jou ki sot pase yo (egzanp telefòn, gaz, kouran, kab entènèt, oswa dlo) OSWA
- Korespondan nenpòt ajans gouvènman an bay ki montre adrès kay ou OSWA
- Lokasyon oswa ak pwopriyete OSWA
- Dokiman asirans oswa bòdwo asirans ki montre adrès kay ou OSWA
- Lisans oswa pèmi ki valid oswa yon sètifika yon ajans gouvènman vil/eta/federal lan bay ki gen adrès kay biznis ou OSWA
- Korespondans inivèsite oswa lekòl ki montre adrès kay ou OSWA
- Papyè lwaye oswa ipotèk ajou OSWA
- Lisans chofè OSWA
- Kat Idantite Minisipal

Pou yon moun ki ap viv lakay yon lòt moun, l ap bay:

- YON Prèv Adrès Kay (gade pi wo a) ak non moun ki fè lwaye an oswa non mèt kay la AK
- Yon lèt mèt kay la oswa lokatè an siyen ki di moun sa rete lakay li nan adrès sila a

- **Enfòmasyon sou Asirans Aksidan Travay.**

Bay yon kopi YOUN nan dokiman sa yo antanke prèv asirans aksidan travay:

- Yon Sètifika Asirans aksidan travay ki soti nan yon konpayi asirans prive oswa nan Biwo Fon Asirans pou Eta New York (New York State Insurance Fund Office). Sètifika Asirans la dwe mete non Depatman Pwoteksyon Konsomatè ak Travayè (Department of Consumer and Worker Protection) antanke gwoup ki resevwa Sètifika epi mete adrès Depatman an: 42 Broadway, New York, NY 10004. OSWA
- Yon Sètifika Atestasyon Egzanpsyon Komisyon Aksidan Travay pou Eta New York la (New York State Worker's Compensation Board) (si ou te fè reklamasyon egzanpsyon soti nan egzijans pou jwenn asirans aksidan travay). Pou w jwenn plis enfòmasyon, ale sou Komisyon Aksidan Travay pou Eta New York la nan www.wcb.ny.gov.

Enpòtan:

- Ou dwe bay DCWP yon prèv ou gen Asirans Pou Aksidan Nan Travay la si biznis ou pa kalifye pou Egzanpsyon Asirans Aksidan Travay lan.
- Fòm ACORD yo pa ka sèvi antanke prèv pou pwoteksyon asirans aksidan travay pou travayè Eta New York yo.

- **Prèw Sètifikasyon EPA AK/OSWA Deklarasyon ki siyen.**

Ou dwe soumèt kondisyon (egzijans) yo nan 1 OSWA 2 OSWA 3 sa depann kalite travay biznis ou an fè:

1. Kopi Sètifikasyon Renovasyon, Reparasyon ak Pent (RRP) EPA **EPI** Sètifikasyon Aktivite Pent ki gen Plon EPA an (ki pote non Sètifikasyon Eliminasyon Plon tou). Sètifikasyon yo dwe gen ladan yo non yo, nimewo sètifika EPA a, ak dat ekspirasyon sètifika EPA a.

OSWA

2. Kopi sètifikasyon EPA RRP an oswa sètifikasyon Eliminasyon plon EPA an **EPI** Konfimasyon Antreprenè Modènizasyon Kay la Siyen (li vini ak dokiman sa a) ki endike lòt sètifikasyon EPA an pa obligatwa pou nenpòt travay modènizasyon kay aplikan an te fè.

OSWA

3. Konfimasyon Antreprenè Modènizasyon Kay la Siyen (li vini ak dokiman sa a) ki endike tou de (2) sètifikasyon EPA yo (RRP; Eliminasyon Plon) pa obligatwa pou nenpòt travay modènizasyon kay aplikan an te fè.

Pou jwenn plis enfòmasyon sou sètifika EPA yo, ale sou epa.gov/lead.

- **Enskripsyon nan Fon Garanti DCWP an OSWA Kopi Kontra Rekouvremant \$20,000 a (oswa rekouvremant/ranbousman yon Lòt Moun), siyen jan sa dwe fèt la.**

- *Si ou vle enskri biznis ou an nan Fon Garanti an, ranpli Fòm Enskripsyon Fon Garanti an (li vini ak dokiman sa a). Frè pou enskri nan Fon Garanti an se \$200.*

OSWA

- *Si ou pa enskri biznis ou an nan Fon Garanti an, ou dwe soumèt yon kopi Kontra Rekouvremant \$20,000 a (oswa Rekouvremant yon Lòt Moun), ki siyen jan sa dwe fèt la. Kopi rekouvremant an dwe gen non Depatman Pwoteksyon Konsomatè ak Travayè (Department of Consumer and Worker Protection) antanke gwoup ki resevwa Sètifika epi mete adrès Depatman an: Gen menm non konpayi a, non Doing-Business-As (DBA)(si genyen), ansanm ak adrès batiman an dwe menm lan nan tout dokiman yo. Ou dwe soumèt yon **kopi resi kontra rekouvremant** an ki montre kredi an te peye nèt epi li p ap ekspire anvan fen peryòd lisans lan.*

Yon lis konpayi rekouvremant yo disponib nan nyc.gov/dcwp. Rechèch "konpayi rekouvremant yo". Lis ki sou sitwèb DCWP a pa detaye, epi DCWP an pa apwouve oswa rekòmande okenn konpayi rekouvremant an patikilye.

- **Kontra Konfòmite Kontraktyèl** (li vini ak dokiman sa a).

Revize Lis Verifikasyon Konfòmite Kontraktyèl la ak modèl "Kontra Final ak Estimasyon Modènizasyon Kay" yo disponib nan nyc.gov/BusinessToolbox pou fè si kontra ou yo respekte egzijans legal yo.

- **Analiz Modènizasyon Kay ak Frè Analiz ki se \$50.**

Yon pwopriyetè endepandan, yon asosye jeneral, yon administratè antrepriz, yon direktè, yon dirijan konpayi a, yon manm oswa yon aksyonè ki gen 10% nan aksyon konpayi oswa plis nan envestisman yon konpayi dwe pwograme yon randevou ak ExamBuilder pou fè Egzamen Modènizasyon Kay la.

ENPÒTAN:

- Youn nan moun ki pi ba yo ap bezwen pase Egzamen Modènizasyon Kay la: yon pwopriyetè endepandan, yon asosye jeneral, yon administratè antrepriz, yon direktè, yon dirijan konpayi a, yon manm oswa yon aksyonè ki gen 10% nan aksyon konpayi oswa plis nan envestisman yon konpayi. *Ou dwe konfime ak DCWP ki moun ki pral fè egzamen an.*
- Ou ka pwograme egzamen an 24 èdtan *apre* DCWP fin trete aplikasyon lisans ou ranpli a, ki gen ladann dokiman ak frè obligatwa yo. *Ou pa ka pran yon randevou pou egzamen an toutotan DCWP pa resevwa epi pa trete dokiman ak frè ki obligatwa yo.* Lè DCWP fin trete aplikasyon w lan, sa ap pran 24 èdtan pou enfòmasyon w yo parèt nan sistèm ExamBuilder a.
- **Ou gen 60 jou pou w fè epi pase egzamen an depi lè enfòmasyon w yo parèt nan sistèm ExamBuilder a.**
- Sant Tès yo ouvè soti 9:00 a.m. jiska 5:00 p.m. sèt (7) jou sou sèt (7) nan plizyè kote nan tout vil la. ExamBuilder ka konfime kote ki disponib yo lè w pwograme egzamen w lan.
- Ou ka pwograme egzamen an nan YOUN nan de (2) fason sa yo:
 1. Anliy sou dcaschedule.exambuilder.com. Rantre Nimewo Aplikasyon w lan, epi klike sou "Continue" (Kontinye).
 - Ou ka jwenn Nimewo Aplikasyon an sou Paj Konfimasyon Aplikasyon Lisans ou an oswa sou resi peman w lan.
 2. Atravè telefòn: (646) 974-8244
 - Sèvis Kliyantèl disponib soti 9è:30 a.m. jiska 5è:30 p.m. sèt (7) jou sou sèt (7).

Egzamen yo gen 30 kesyon ladan yo. Ou dwe byen reponn yon minimòm 21 kesyon pou pase tès la. Frè a se \$50. Frè egzamen an ak frè lisans lan se de (2) bagay diferan. Frè egzamen an pa ranbousab. Si ou echwe nan egzamen an de (2) fwa, ou dwe peye frè egzamen an ankò pou ou refè egzamen an.

Vizite nyc.gov/BusinessToolbox pou **Kesyon Moun Poze Souvan (FAQ): Egzamen** ak yon **Gid Egzaminasyon Modènizasyon Kay** pou ede w prepare w pou egzamen an.

- **Anprent ak frè pou trete Aplikasyon an.**

Yon pwopriyetè endepandan, yon asosye jeneral, dirijan konpayi, direktè, manm yo, ak tout aksyonè ki gen plis pase 10% nan aksyon konpayi a dwe pran yon randevou pou fè anprent ak IdentoGO:

- Ale sou <https://uenroll.identogo.com>
- Rantre:
 1. **Kòd Sèvis la.** Rantre 1585BH
 2. **Idantifikasyon Ajans lan.** Rantre sèlman chif ki soti nan Nimewo Aplikasyon an. Nimewo Aplikasyon an sou resi w la oswa sou lèt konfimasyon w lan lè w aplike anliy.
Egzanp: Pou Nimewo Aplikasyon 1234567-2023-AHIC, rantre sèlman 12345672023 kòm Idantifikasyon Ajans lan.
- Suiv enstriksyon yo epi peye frè ki nesèsè a (yo).

ENPÒTAN:

- Tout moun yo dwe pran anprent yo, ta dwe pwograme yon randevou pi vit posib nan lide pou reponn ak egzijans sa a.
- **Otorite pou Aji - Atestasyon, si sa aplikab** (li vini ak dokiman sa a).
Obligatwa si yon lòt moun olye moun ki fè demann lisans lan dwe prepare epi soumèt aplikasyon sa a.

Remak: Aplikan an dwe siyen aplikasyon lisans lan ansanm ak tout lòt fòm ki gen rapò yo.

- **Frè pou Lisans.**
Gade nan pwochen paj la.

Peryòd Lisans: 2 ane	Dat Ekspirasyon: 28 fevriye Ane Enpè	Frè pou Lisans:	
Si ou Depoze Aplikasyon Ou an Nan Dat Sa Yo:		Opsyon 1:	Opsyon 2:
Apati 1ye mas nan yon ane enpè jiska 31 dawou nan yon ane enpè		Peye \$100 pou yon lisans k ap ekspire 28 Fevriye nan ane enpè ki swiv la. (Valid pou pi plis 24 mwa.)	
Apati 1ye septanm nan yon lane enpè jiska 28 oswa 29 fevriye nan yon ane pè		Peye \$75 pou yon lisans k ap ekspire 28 fevriye nan ane enpè ki pi pre an. (Valid pou pi plis 18 mwa.)	
Apati 1ye mas nan yon ane pè jiska 31 dawou nan yon ane pè		Peye \$50 pou yon lisans k ap ekspire 28 fevriye nan ane enpè ki pi pre an. (Valid pou pi plis 12 mwa.)	
Apati 1ye septanm nan yon ane pè jiska 28 fevriye nan yon ane enpè		Peye \$25 pou yon lisans k ap ekspire 28 fevriye nan ane enpè ki pi pre an. (Valid pou pi plis 6 mwa.)	Peye \$125 pou yon lisans k ap ekspire 28 fevriye nan lòt ane enpè a. (Valid pou pi plis 30 mwa.)

Peye avèk:

- Chèk oswa manda postal (money order) bay DCWP. (An pèsòn)
- Kat Kredi (Visa, MasterCard, American Express, Discover Card sèlman).
Ou dwe peye yon Frè Dosye yo p ap Ranbouse ou. (An pèsòn oswa anliy)

Resous Adisyonèl pou Antreprenè Modènizasyon Kay yo

- Pou **Gid Egzaminasyon Modènizasyon Kay** la, ale sou nyc.gov/BusinessToolbox.
- Pou konnen lwa ak règ ki kapab aji sou biznis ou an, vizite nyc.gov/BusinessToolbox.
- Pou **Lis Verifikasyon Enspeksyon: Antreprenè Modènizasyon Kay yo**, ale sou nyc.gov/BusinessToolbox.
- Pou **Kontra Final ak Estimasyon Modènizasyon Kay DCWP** a, ale sou nyc.gov/BusinessToolbox.
- Pou jwenn enfòmasyon ki pou ede biznis ou an louvri, fonksyone, ak grandi, vizite nyc.gov/business.
- **Aprann Fason pou ou Fè Kay Granmoun Aje yo adapte ak Laj yo.**
Antanke yon kreyasyon DCWP ansanm ak Depatman Vyeyès la (Department for the Aging), gid sa bay antreprenè yo ti konsèy sou kijan pou yo travay ak granmoun yo, pou fè kay yo adapte ak laj yo epi ede yo vin pi respekte anviwonman an. Vizite nyc.gov/BusinessToolbox.